



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE YON BWAT ZOUTI EDIKASYON AK SANSIBILIZASYON POU LIY SWISID AK KRIZ 988 LA

Liy Sovtaj 988 la te garanti nan tout Eta New York ane pase a

Bat zouti itil pou edikatè yo, founisè swen sante ak swen adomisil yo, ak fanmi yo k ap diskite sou sante mantal ak risk swisid

Gouvènè Kathy Hochul anonse deplwama reyisi [Bwat Zouti pou Edikasyon ak Sansibilizasyon Kominotè 988](#), Eta New York la ki se yon zouti resous entè-aktif ki fèt pou sipòte moun ki fè fas ak risk swisid. 988 se nimewo twa chif ki disponib nan plizyè zòn nan tout peyi a ki pral konekte moun k ap rele a ak [Liy Sovtaj pou Prevansyon kont Swisid Nasyonal](#) (National Suicide Prevention Lifeline). Wat zouti 988 New York la, ki te devlope pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York, gen ladann resous maketin ak edikatif pou ede edike piblik la.

"Depi lansman Liy Sovtaj pou Kriz ak Swisid 988 la nan tout eta a, yon senp apèl kapab fè diferans ant lavi ak lanmò", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo zouti edikatif sa a pou lekòl yo, moun k ap bay swen yo, ak fanmi ki nan bezwen yo apiye sou kanpay edikasyon piblik k ap kontinye sou siy ak risk kle ki asosye ak swisid epi li bay Nouyòkè yo resous pou yo adrese kriz sante mantal nasyon nou an ap fè fas ak li."

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare, "Gras a sipò Gouvènè Hochul, New York te kapab aplike totalman Liy Sovtaj pou Kriz ak Swisid 988 la, ki te deja sèvi plis pase 152,000 Nouyòkè nan mwens pase yon ane. Nouvo bwat zouti nou an pral ede ogmante sansiizasyon sou 988 epi pèmèt moun pataje materyèl edikatif fasil pou ede pwopaj pawòl la sou 988."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Liy Sovtaj pou Kriz ak Swisid 988 la se yon resous fòmidad pou Nouyòkè ki nan bezwen yo epi li demontre angajman Gouvènè Hochul pou abòde kriz sante mantal ak dòz ekseksif nasyon nou an ap fè fas ak li. Bwat zouti a pral ede sansibilize sou 988 ak opòtinite pou moun ki nan kriz konekte ak sipò byenveyan".

Komisè Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral Eta New York la, Kerry E. Neifeld, te deklare, "Liy 988 ka ede moun ki fè fas ak kriz pou jwenn sipò pou ijans, sa ki bay sipò imedyà nan sèvis enpòtan yo pandan y ap evite vizit nan sal ijans ki pa nesèsè yo epi ki pèmèt moun rete lakay yo ak fanmi yo san danje. OPWDD vrèman eksite sou patenarya sa a ak Biwo Sante Mantal la pou rann sant apèl pou kriz 988 la aksesib pou moun ki gen andikap devlopmantral ak fanmi yo kòm yon zouti enpòtan pou moun ki ap eksperyans yon kriz sante konpòtmantal. Nou aplodi Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen sa a epi li fè patenarya sa a posib."

Wat zouti 988 New York la gen materyèl maketin ak edikatif ki gen ladan bwochi, kat, postè, grafik medya sosyal, enfografi, ak lòt resous ki disponib nan nèf pi gwo lang Eta New York (anplis Anglè). Materyèl ki nan bwat zouti a te devlope ak opinyon vas kowalisyon 988 NYS ki gen divès pati konsène nan kominote a. **Ou ka jwenn Bwat Zouti pou Edikasyon ak Sansibilizasyon Kominote 988 la**, ansanm ak tout lòt resous 988 OMH devlope yo, isit la: [988: Pli pase yon chif](#).

Kontakte 988 pa telefòn, chat, oswa tèks bay yon koneksyon dirèk ak konpasyon, swen aksesib, ak sipò pou nenpòt moun ki fè eksperyans detès ki gen apò ak sante mantal oswa itilizasyon dwòg. Liy Sovtaj 988 la ap ede retire obstak pou jwenn aksè ak swen sante epi redwi diferans pou popilasyon ki istorikman majinalize ak sila yo ki pa jwenn ase sèvis, sa gen ladan moun koulè, manm kominote LGBTQ yo, adilt ki pi aje, Nouyòkè riral yo, veteran, imigran, moun ki gen andikap ak moun ki gen konpetans limite nan Anglè.

Liy Sovtaj pou Kriz ak Swisid 988 la ap ede tou redwi itilizasyon aplikasyon lwa an repons ka yon kriz sante mantal, epi, lè li bay entèvansyon bonè ak pri efikas, sa ap diminye depans swen sante yo.

Istwa 988

Komisyon Kominikasyon Federal (Federal Communications Commission, FCC) te deziyen 988 kòm nouvo nimewo twa chif pou Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la. Yo te siyen Lwa Nasyonal pou Deziyasyon Liy Dirèk Swisid (National Suicide Hotline Designation Act) la an oktòb 2020, avèk kondisyon pou founisè sèvis telefòn yo fè tranzisyon nan 988 kòm nimewo nouvo mak 988 Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la jiska 16 jiyè 2022.

Depi Avril 2021, New York ap travay avèk yon gwo Kowalisyon 988 NYS, ki gen ladann divès pati konsène nan kominote a, pou planifye aplikasyon 988 la nan Eta a. Manm kowalisyon nan tout Eta a reprezante popilasyon divèsifye New York epi li gen ladan moun ki gen eksperyans yo viv, defansè, lapolis, reprezantan ajans eta a, kont yo, reprezantan 911, sèvis ijans, ak plis ankò. Tout moun te kontribye ekspètiz yo ak angajman yo pou etabli 988, epi kolaborasyon ak devouman kontinyèl yo nan travay inovatè sa a pral benefisyè tout Nouyòkè yo.

Konsènan Liy Sekou a

Se Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA) federal la ki te finanse Liy Sekou Nasyonal pou Prevansyon Swisid la epi Sante Emosyonèl Dinamik (Vibrant Emotional Health) administre li depi lè li te kòmanse an 2005. Li te sèvi kòm yon resous presye, ede plizyè milye moun simonte kriz swisid oswa detès ki gen rapò ak sante mantal chak jou. Avèk tranzisyon an nan 988, sèvis sa yo ki sove lavi yo pral menm pi fasil pou kontakte.

Plizyè etid yo montre ke Liy Sekou a fonksyone—pi fò moun ki rele yo gen plis chans pou yo santi yo mwens deprime, mwens gen lespri swisid, mwens akable, ak plis espwa apre yo fin pale ak yon konseye kriz Liy Sekou a.

Estatistik sou Volim Apèl 988 New York la

Nan premye ane 988 la, New York te resevwa plis pase 185,000 apèl ki te dirije dirèkteman nan Sant Kontak 988 NYS yo. Sa a se prèske yon ogmantasyon 30% nan volim apèl anyèl la. Nan lansman 988 an jiyè 2022, New York te enpleman avèk siksè kouvèti 24 sou 24 ak 7 sou 7 nan eta a pou tout 62 konte yo nan NYS. Nan mwa jen 2023, Eta New York te reyalize yon kouvèti 24 sou 24 ak 7 sou 7 nan eta a pou tchat ak tèks, sa ki make kouvèti konplè pou tout modalite 988 yo nan premye anivèsè lansman 988 a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418